



PrEP (Pwofilaksi Avan Kontak)

Kisa ki PrEP (Remèd anvan ou pran kontak ak yon maladi) ?

Pwofilaksi avan kontak, oubyen PrEP, se you medikaman yo sèvi pou ede pwoteje kont VIH. Kounye a, remèd sa a disponib an grenn pou pran chak jou, men gen nouvo fòm pou PrEP ki ap devlope. Si ou pa gen VIH, men panse ou gen gwo risk pou genyen li, pale ak doktè ou de PrEP.

Ki moun ki dwe pran PrEP?

Nenpòt moun ki gen yon risk alontèm pou atrape VIH ta dwe sèvi ak PrEP. Sa se pou nenpòt moun ki pa enfekte ak VIH, men ki nan yon relasyon alontèm ak you patnè ki teste positif pou VIH. Sa se pou nenpòt moun ki gen plizyè patnè seksyèl ki pa toujou sèvi ak kapòt oubyen nenpòt moun ki fè sèks san pwoteksyon tou. Omoseksyèl oubyen gason biseksyèl ki fè sèks nan dèyè san kapòt ta dwe panse a PrEP.

Moun ki aktif nan fè sèks epi ki pran piki dwòg oubyen lòt bagay ki ka afebli jijman yo ta dwe panse a PrEP. Si yo ba ou PrEP, pa pataje remèd sa a ak pèsonn lòt moun. Li pa janm you bon lide pou pataje medikaman yo preskri ba ou.

Èske nenpòt moun ka sèvi ak PrEP?

PrEP se pou moun ki teste negatif pou VIH epi ki kontinye ap kouri gwo risk pou enfeksyon VIH. Pou moun ki bezwen evite VIH apre you sèl gwo kontak riske, genyen you lòt chwa ki rele pwofilaksi apre kontak oubyen PEP. Pale ak doktè ou pou ka konnen ki opsyon ki pi bon pou ou. Si ou pa gen yon doktè, rele Mayor's Health Line nan **617-534-5050** pou ede ou jwenn swen nan Boston.

Chak konbyen tan mwen bezwen pran PrEP?

Avèk remèd ki disponib kounye a, moun ki sèvi ak PrEP dwe pran medikaman chak jou epi wè doktè yo regilyèman pou suit nesèsè. Lè moun pran li regilyèman, PrEP fè prèw li redwi risk pou VIH a 92% konsa. PrEP pa tèlman efikas si you moun pa pran li regilyèman.

Si PrEP pwoteje kont VIH, èske m toujou bezwen sèvi ak lòt metòd prevansyon?

Wi. PrEP se you zouti prevansyon fò pou VIH, men li pa pwoteje kont lòt enfeksyon seksyèl tankou sifilis, gonore, ak klamidya. Se kapòt ki ta dwe pwoteje kont lòt enfeksyon sa a yo.

Èske pa gen danje nan pran PrEP?

Wi, men li enpòtan pou wè doktè ou regilyèman pandan w ap pran PrEP. Menm jan ak nenpòt lòt medikaman, ka gen lòt reyaksyon.



PrEP IS A NEW HIV PREVENTION METHOD IN WHICH PEOPLE WHO DO NOT HAVE HIV INFECTION TAKE A PILL DAILY TO REDUCE THEIR RISK OF BECOMING INFECTED.